**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–27.03.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:35 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एखन सँ किछु काल बाद पश्चिम एशिया संघर्ष पर वीडियो कॉन्फ्रेंसक माध्यम सँ सभ राज्यक मुख्यमंत्री लोकनि सँ संवाद करताह आ राज्य सभक तैयारी आ योजना सभ समीक्षा करताह। आदर्श आचार संहिता लागू हेबाक कारणे चुनावबला राज्यक मुख्यमंत्री लोकनि एहि बैसक मे सम्मिलित नहि हेताह। एहि सँ पहिने प्रधानमंत्री मोदी संसदक दुनू सदन मे पश्चिम एशिया मे चलि रहल संघर्ष पर भारतक पक्ष के स्पष्ट करैत कहलनि जे सरकार पेट्रोल, डीजल, तेल, गैस आ उर्वरक के सुचारू आपूर्ति सुनिश्ति कऽ रहल अछि।

---

पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्री हरदीप सिंह पुरी कहलनि अछि जे भारत मे लॉकडाउन के भ्रम पसारल जा रहल अछि। ई पूर्ण रूपेण गलत अछि। ओ कहलनि जे सरकारक लऽग एहेन कोनो प्रस्ताव विचाराधीन नहि अछि। श्री पुरी सोशल मीडिया पोस्ट पर कहलनि जे वैश्विक स्थिति मे लगातार परिवर्तन भऽ रहल अछि एना मे सरकार ऊर्जा आपूर्ति श्रृंखला आ आवश्यक वस्तु सभ पर वास्तविक समय के आधार पर विशेष रूप सँ ध्यान राखि रहल अछि। ओ आश्वासन देलनि जे नागरिक लोकनिक लेल ईंधन ऊर्जा आ आन महत्वपूर्ण आपूर्ति सभक निर्बाध उपलब्धता सुनिश्चित करबाक लेल सभ आवश्यक डेग उठाओल जा रहल अछि।

---

केन्द्र सरकार घरेलू खपत के लेल पेट्रोल आ डीजल पर केन्द्रीय उत्पाद शुल्क मे दस टाका प्रति लीटर के कटौती कयलक अछि। वित्त मंत्री निर्मला सीतारामन एक सोशल मीडिया पोस्ट मे कहलनि अछि जे ई निर्णय पश्चिम एशिया संकट के देखैत लेल गेल अछि। ओ कहलनि जे एहि सँ उपभोक्ता लोकनि के बढैत दाम सँ राहत भेटत।

---

आइ रामनवमीक पावनि श्रद्धा आ उत्साह के संग मनाओल जा रहल अछि। आइ दरभंगा जिला मे एहि पावनि के लऽकऽ पूरा वातावरण भक्तिमय भऽ गेल अछि। जिला स्थित सैकड़ो आखाड़ा द्वारा झांकी आ शोभायात्रा निकालल जो रहल अछि। ओतहि, पटना जंक्शन स्थित महावीर मंदिर मे श्रद्धालु लोकनिक लेल राति दू बजे सँ मंदिर के पट खोलि देल गेल अछि। भाजपा अध्यक्ष नितिन नवीन मंदिर मे पूजा–अर्चना कयलनि। श्रद्धालु लोकनि पूजा–अर्चना करबाक लेल नम्हर लाईन मे लागल छथि। राजधानी पटना मे सांझ साढ़े पांच बजे शोभा यात्रा निकालल जायत। भाजपा अध्यक्ष नितिन नवीन जनौलनि अछि जे डाकबंगला चौराहा सँ शोभायात्रा के शुरूआत होयत। जाहि मे राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल– सेवानिवृत सैयद अता हसनैन आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सहित कतेको जनप्रतिनिधि आ विभिन्न राज्य सभक कलाकार सेहो सम्मिलित हेताह। एम्हर रामनवमी के लऽकऽ सुरक्षाक व्यापक प्रबंध कयल गेल अछि।

———————————————————————————

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु, उपराष्ट्रपति सी.पी. राधाकृष्णन आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी रामनवमी के अवसर पर देशवासी लोकनि के शुभकामना देलनि अछि। एम्हर राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल–सेवानिवृत सैयद अता हसनैन, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा, विधानसभा अध्यक्ष डॉक्टर प्रेम कुमार, विधान परिषदक सभापति अवधेश नारायण सिंह तथा नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव सेहो प्रदेशवासी लोकनि के रामनवमी के बधाई आ शुभकामना देलनि अछि।

———————————————————————————

चैती नवरात्रिक अंतिम दिन आइ माँ दुर्गाक सिद्धिदात्री स्वरूपक पूजा–अर्चना कयल जा रहल अछि। एहेन मान्यता अछि जे माँ के ई स्वरूप सिद्धि प्रदान करबला होयत अछि। मिथिलांचल सहित प्रदेशक विभिन्न शक्तिपीठ, मंदिर आ पूजा–पंडाल मे मां के दर्शन करबाक लेल श्रद्धालु लोकनिक नम्हर–नम्हर लाईन लागल अछि। कतेको ठाम सामूहिक कन्या पूजन के सेहो आयोजन कयल जा रहल अछि। नओ दिन धरि चलल एहि देवी अनुष्ठानक समापन आइ हवन के संग भऽ जायत।

———————————————————————————

उपमुख्यमंत्री सह राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि अछि जे विभागीय काज सभ के सुचारू संचालनक लेल सेवानिवृत अंचलाधिकारी लोकनि के अनुबंध के आधार पर नियुक्त कयल जायत। पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे ओ कहलनि जे हड़ताल के कारण सरकार जनहित के काज के बाधित नहि होबऽ देत। एहि लेल हरेक आवश्यक डेग उठाओल जा रहल अछि। उपमुख्यमंत्री जनौलनि जे अंचलाधिकारी लोकनि के पचीस मार्च के सांझ पांच बजे धरि काज पर अयबाक निर्देश देने छलाह, जकर बाद सँ एखन धरि दू दर्जन सँ बेसी अधिकारी लोकनिक आपस घुरबाक संवाद अछि।

———————————————————————————

प्रदेश मे पश्चिमी विक्षोभ के प्रभाव सँ मौसम मे एक बेर फेर परिवर्तन भेल अछि। किशनगंज, पूर्वी चंपरण, पश्चिमी चंपारण आ गोपालगंज जिला मे किछु ठाम तेज हवाक संग वर्षा भेल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे आइ प्रदेशक बेसीतर भाग मे वर्षा हेबाक संभावना अछि। ओतहि, राज्यक उत्तर—पश्चिम आ उत्तर—मध्य के किछु भाग मे धुक्कड़ आ अन्हर चलबाक संग—संग ठनका खसबाक सेहो चेतावनी जारी कयल गेल अछि। संगहि, पूर्वी चंपारण, पश्चिमी चंपारण, सीतामढ़ी आ शिवहर जिला मे ठनका खसबा के लऽकऽ ऑरेंज अलर्ट जारी कयल गेल अछि।

———————————————————————————

निगरानी जांच ब्यूरो मधुबनी जिलाक खदौली प्रखंडक शिक्षिका वीणा कुमारी के सीपीईटी अंक पत्र जांचक दरमियान फर्जी पाओल गेलक बाद प्राथमिकी दर्ज करौलक अछि। विदित अछि जे वर्ष दू हजार आठ मे वीणा कुमारी के प्रखंड शिक्षिकाक रूप मे नियुक्त कयल गेल छल।

———————————————————————————

समाप्त